Ассаламу гIалайкум!

# ЦIумадисезул гъаракь

Голос Цумады

2020 соналъул 24 апрель Рузман №20 (7617) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багъа 8 гъурущ (12 +)

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА


## Рамазан моцIалъул барки

ХIурматиял районцоял!

Баркула нужеда тIаде щвараб хирияб Рамазан моцI. Гьеб ккола хириял моцIазул бищун хирияб, бусурбабазул ракIал рацIцIалъулеб, гьезул рухIияб рахъ щулалъиялъул хал гьабулеб, бусурбаби цолъиялъул, гъункиялъул, рахIму-цIобалъул баракатаб моцI.

КIал ккеялъул хIакъикъияб магIна ккола жиндирго напс гIодобе буссинаби, захIмалъаби къезаризе кIвей. КIал ккей ккола Аллагьасе гьабураб гIибадат.

Аллагьас тавпикъ кьеги нилъее квешлъабаздаса рикIкIалъун, берцинаб ва лъикIаб гIамалдалъун, гIибадаталдалъун, пайдаяб хIалалда ва тIадегIанаб даражаялда гьеб тIобитIизе.

Аллагьас гьеб моцI нилъер гьабураб гIамал къабул гьабулеблъун, мунагьал чурулеблъун, квешал унтабаздаса нилъ цIунулеблъун ва гьел тIасан унеблъун гьабеги.

БетIергьанас цIунаги нилъ низам биххиялдаса, къварилъабаздаса ва унта-щокъльиялдаса.

Гьарула нужее божилъи, хьизаналъулъ сахсаламалъи, щулияб иман ва лъикIал къасдал.

**АнвархIажи Вечедов**, районалъул бетIер

## Баркула хирияб Рамазан моцI



Ассаламу гIалайкум, хIурматиял диналъул вацал ва яцал!

Гьале тIаде щвана хириял моцIазул бищунго хириявлъун жиб рикIкIунеб, Абу Хурайрал биценазда рекъон, жиб тIаде щведал БетIергьан Аллагьас Алжаналъул кавабиги рагьулин, жужахIалъул кавабиги къалин, рахсазда илбисги бухьулин абун хирияв МухIаммад аварагасги бицараб (с.а.в.) Рамазан моцI.

Баркула нужеда щивасул дугIа-гьариялъе БетIергьанас жаваб гьабулеб, Аллагьасул цIобрахIматалда божи-хьулгун кIал ккурасе Жинца цереккун гьарурал мунагьалги чурулин абун хирияв МухIаммад аварагас бицараб баракатаб Рамазан моцI. Гьарула киназего Аллагьасе гIибадат гьабизе сахлъи, талихI ва къуват. Аллагьас нилъер гIибадат къабул гьабеги, нилъ рокьаралги нилъее рокьаралги ургъел-балагьаздаса цIунаги.

Аллагьас гьаб хирияб моцI нилъер гьабураб гIамал къабул гьабулеблъун, мунагьал чурулеблъун, квешал унтабаздаса нилъ цIунулеблъун ва гьел тIасан унеблъун гьабеги.

Хириял районцоял! Нилъеда сверухъ лъугьун бугеб ахIвал-хIалги бихьун, гьелъул халги гьабун, республикаялъул динияб идараялъ хIукму гьабун буго таравихIалъул какал исана рокъо-рокъор разе.

ТаравихIалъул какал мажгитазда разе суннатаб буго. Унтиялда хIинкъи бугеб заманаялъ, нилъееги цогидазеги зарал ккеялдаса цIуни мурадалда, гьел какал рокъорго рани лъикIаб букIина нилъееги.

Фаразияб рузмангицин гьаб заманаялъ, рокьобго къаде какги бан, бачIого толеб мехалда, суннатал таравихIал мажгиталда рай битIараблъун бихьуларо, унти бахиналъул хIинкъи цIикIкIараб бугин ахIи балеб заманаги бугелъул Исана Рамазан моцIалъул тIоцебесеб къо ккезехьин буго 25 апрелалъ. Нагагьлъун гьеб къоялъулъ хиса-баси кколеб бугони, тIадеги лъазабила.

**Шамил ХIажиев,** районалъул имам

## ПОСТАНОВЛЕНИЕ № 71

**от 16 апреля 2020г.**

**О переносе автомобильной стоянки на территорию МБУ ДО «ДЮСШ»**

В рамках исполнения Указа Президента РФ от 02.04.2020 г. № 239 «О мерах по обеспечению санитарно-эпидемиологического благополучия на территории РФ и в связи с распространением новой коронавирусной инфекции (COVID-19)», Указа Главы РД от 18.03.2020 г. № 17 «О введении режима повышенной готовности» и в целях обеспечения защиты населения МР «Цумадинский район» от проникновения и распространения коронавирусной инфекции **постановляю:**

1.С 16 апреля 2020 года до улучшения обстановки в Республике Дагестан и на территории района, временно перенести стоянку автомобильного транспорта перед зданием районной администрации в с. Агвали на территорию спорткомплекса МБУ ДО «ДЮСШ».

2.Рекомендовать начальнику ОМВД РФ по Цумадинскому району Абдулхакову К.Д. запретить выезд автомобильного транспорта со стоянки перед зданием районной администрации до особого указания.

3.Контроль исполнения настоящего постановления возложить на заместителя главы администрации МР «Цумадинский район» Гагиева М-Р. М.

4.Данное постановление опубликовать в газете «Голос Цумады», разместить на сайте МР «Цумадинский район» и вступает в силу с момента подписания.

**Глава муниципального района А.Вечедов**

Машгьурал гIадамал

## Дагъистаналъул тарихалда лъабнусго магIаруласул цIар



**КъурбангIали МухIамадов (1953)**



**ГIали МухIамадов (1953)**

МухIамадов КъурбангIали - художник, Россиялъул художниказул Союзалъул член, Россиялъул художествоялъул академиялъул член-корреспондент, Россиялъул ва Дагъистаналъул мустахIикъав художник.

Гьавуна Агъвали росулъ.

1975-1979 сонazда цIалана МухIудин Жамалил цIаралда бугеб Дагъистаналъул художествияб училищеялда, 1988 соналда лъугIизабуна Дагъистаналъул пачалихъияб педагогикияб институталъул географиялъул факультет.

30 соналъ дарсал кьуна училищеялда ва хIадур гьаруна азаргоялдасаги цIикIкIун гIарац-меседалъул тIагIелазул хIалтIаби гьарулел махщелчагIи, художникал. Гьезда гьоркьор руго Адыгеялдаса, Кабардино-Балкариялдаса, Калмыкиялдаса, Волгоградалдаса, Таганрогалдаса махщалилалги.

КъурбангIали МухIамадов ккола лъабкъоялда анцIгоялдасаги цIикIкIун регионалиял, тIолгороссиялъулал ва халкъазда гьоркьосел халгьабиязда гIахьаллъарав художник, чанго дипломалъул бетIергьан.

1998 соналда гьесие кьуна «Дагъистаналъул мустахIикъав художник» абураб цIарги.

2005 соналда КъурбангIали МухIамадов вищана Россиялъул художниказул Союзалъул Дагъистаналда бугеб гIуцIиялъул правлениялъул председательлъун.

МухIамадов ГIали-Россиялъул мустахIикъав художник, Дагъистаналъул халкъияв художник, Дагъистаналъул пачалихъияб премиялъул лауреат.

Гьавуна Гьигьалъ росулъ.

Суратал рахъизе ГIалие бокьулаан школалда цIалулеб заманалдаго. Армиялда хъулухъ гьабизе гьев ккана Москваялда Байконуралъул космодромалде. Гьениб гIолиласул лъай-хьвай ккола лётчик-космонавт Алексей Леоновасулгун. Гьесие рекIее гIуна ГIалица рахъарал суратал ва гIакълу кьуна армиялдаса тIад вуссун хадуб художествияб институталде цIализе ине. Алексей Архиповичасул амруги хIисабалде босун, ГIали цIализе лъугьана ДГПИялъул художественниябгун графикаялъул факультеталде. Институт лъугIун хадув хIалтIана школалда суратал рахъиялъул учительлъун. Цинги ахIана Дагъистаналъул художниказул Союзалде хIалтIизе, ва 1989 соналда восана союзалъул членлъунги.

1975 соналда Ростовалда гIуцIараб Россиялъул Югалъул гIолохъанал художниказул выставкаялда ГIалил «Росдал гIумру» абураб хIалтIиялъе щвана кIудияб къимат. Гьеда кIола халкъалъул гIумру ва тIабигIаталъул берцинлъи гIадамазе асар гьабуледухъ загьир гьабизе.

2011 соналъул 3 июналда Швейцариялда, Халкъазда гьоркьосеб федерациялъул штаб-квартираялда цебе рагьараб дуналалъулго цIар арал речIчIухъабазул Рещцалъул аллеялда лъун буго ГI. МухIамадовас гьабураб ГIали ГIалиевасе бараб бюстги.

Гьес гьарурал руго КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчагIазе -Чачаналда, К. Мальсаговасе-Назраналда, «Къункъраби» комплекс-Щада ва гьел гурел цогидалги памятникал.

Бергьенлъиялъул ирсилазул ракIалдещвеял

# ХвезегIан инсуе вацлъун вукIана ГIисакъ



ВатIаналде къо ккедал, гьеб цIунизе рахъаразда гьоркьор бихьинал гIахьаллъичIеб хъизан ц1акъго къанагIатто гурони букIун батиларо магIарухъ.

18 сон барав гIолилав вукIана дир эмен Вечедов МухIамад 1942 соналъ Бакуялъул кIиабилеб пехотаялъул училищеялъул курсантлъун ахIараб мехалъ. Гьесда цадахъ цIалулел ва хадурккун рагъда рукIана Гьаквариса АхIмад МухIамадов, ТIиндиса ГIабдулхIалим МукIучев, Гьигьалъа ГIисадибир ГIисаев, Лъондодаса ГIисакъ Деньгаев, КIванадаса МухIамад Дарбишев.

Кавказалде рагъ щолеб мехалъ, рагъулаб чин щвезегIангицин течIого, эмен ва ва гьесда цадахъ рукIарал хехаб къагIидаялъ ритIана рагъде. Рагъул тIоцебесеб лъадари щвана инсуе Туапсе шагьаралда ккараб рагъулъ. Гьев вукIана пулеметчиказул отделениялъул командирлъун. Вагъулев вукIана Новороссийскиялъул 1339-леб кьвагьдохъабазул полкалда Цезарь Куликовасул нухмалъиялда гьоркь.

Украинаялъул фронталъул рагъухъан, 449-леб зениталъулабгун артиллериияб полкалъул кьвагьдохъан МухIамад Вечедовас тушманасдаса эркен гьаруна Новороссийск, Керчь, Севастополь, Одесса шагьарал.

ГIахьаллъана Ясыно-Кишиневалъул рагъазулъ, эркен гьаруна Австрия, Румыния, Чехословакия ва Венгрия.

Халатбахъараб Бергьенлъиялъул къоялда дандчIвай гьабуна рокъоб. Одер гIор бахунаго ккарал рагъазулъ щуго нухалъ лъукъарав гьев рагъуе ярагъунаревлъунги рикIкIун, рокъове витIула.

Мунагьал чураяв инсуца гIемер бицунароан рагъул хIакъалъулъ, амма цо-цо гьудул-гьалмагъзаби рачIараб мехалъ рицарал лъугьа-бахьинал ракIалда чIана дидаги.

Доб мехалъ машинадул нухалги рукIинчIого, жив рагъде унаго эбелалъул вацас кьун буго хераб гIала Болъихъе военкоматалде щвезегIан рекIинеян. Болъихъ букIун буго доб мехалъ нилъеги гIахьалаб рагъулаб комиссариат. Жив чода рекIинчIин бицунаан инсуца, росдал васалгун васандула вукIун.

БичIчIулеб букIинчIила, кинаб вахIшияб рагъде жив унев вугебали.

Цо нухалъ Туапсеялда ккараб рагъда инсул гьежги хIетIеги лъукъун букIун буго. Лъондодаса Деньгаев ГIисакъида абун буго инсуца нагагь жив къадаралде щвани, вукъичIого тогеян. Командирас ахIун буго Г1исакъиде дир эмен гIодов теян, амма ГIисакъ гIенеккун гьечIо. Жидер гIадат гьечIин хвараб бакIалда чи толеб, жидер гIадаталда рекьон вукъизе кколин абун буго ГIисакъица. Гьес мугъзадаги лъун вачун санчасталде щвезавун вуго эмен, ва тохтурзабаз гьев хвасар гьавун вуго. ХвезегIан инсуе вацлъунги нижер хъизаналъе эменлъунги вукIана мунагьал чураяв ГIисакъ.

Инсул каранда кенчIана «ВатIанияб рагъул» тIоцебесеб даражаялъул орден, «Багьадурлъиялъе гIоло», «Рагъулаб хъулухъалъе гIоло», «Кавказ цIуниялъе гIоло», «Германиялда тIад бергьенлъи босиялъе гIоло», «Рагъулаго рухсан Одер ва Днепр гIорал рахиналъухъ» ва цогидалги медалал.

Рагъ лъугIун хадув эмен хIалтIана партиялъулгун советиял органазда: кIиго нухалъ вищана Хуштада росдал Советалъул исполкомалъул председательлъун, хIалтIана районалъул социалияб рахъалъ гIадамал хьезариялъул отделалъул нухмалъулесул заместительлъун, гIемер мехалъ нухмалъи гьабуна Хуштада ва ЦIумада росабалъ колхозазул парторганизациязе.

ТIадегIанаб лъай ва лъикIаб тарбия кьун гIезаруна ниж щугоял: ункъо васги цо ясги. Щуясго цIалун лъугIизабуна Дагъистаналъул пачалихъияб педагогикияб институт.

1991 соналъул августалда 68 сонил ригьалда къадаралде щвана эмен, вукъун вуго Хуштада росулъ.

К1удияб Бергьенлъиялъ 75 сон т1убай баркулаго, бокьун буго гьаризе киназего рохел, талих1, кидаго нилъеда ва нилъер лъималазда т1ад бук1ине ракълилаб зоб.

**ПирмухIамад Вечедов,**
Избербашалъул педколледжалъул мугIалим, Дагъистаналъул мустахIикъав учитель

# Фронтовикасул къисмат



Инкъилаб бергьилалде лъагIелалъ цеве, 1916 соналъ Хуштада росулъ гьавурав дир эмен, ИсмагIил МухIамадовасулги, гьесул гIелбащадазулго гIадинаб, бигьаяб гуреб лъимерлъиги гIумруги букIана. ГьитIинаб къоялдаса нахъе захIматалдке куцарав, тIадкъараб иш тIубалев, щибго лъазе бокьулевлъун гIолев вукIана гьев.

1939 соналъ БагIараб Армиялъул мухъилъе ахIизег1ан, гIагараб росулъ батIи-батIияв хIалтIабазда хIалтIана гьев. Инсул рагъулаб хъулухъ халалъула анкьго соналъ.

КIудияб ВатIанияб рагъ байбихьидал гьев вукIана Белоруссиялъул Гродно шагьаралда гIагарлъухъ.

Бицине ккеларо рагьда гIахьаллъараз хIехьараб ракъикъечалъулги, гIакъуба-захIматалъулги, цIорой-багIариялъул. Рокъор хутIаразда бихьарабги гIакъуба дагьаб букIинчIо магIишат борхулаги, бергьенлъиялъе гIоло фронталда битIизе рет1ел-хьитги, кванил нигIматалги, гIарац-меседги хIадурулаго. Эмен гIахьаллъана Сталинград эркен гьабиялъулъ, Курскалъул дугаялда ккарал рагъазулъ, Кёнигсберг бахъиялъулъ. Польша эркен гьабулаго, хасго Хвойницы росулъ ккараб рагъулъ бихьизабуна тIокIлъи, командованиялъул баркалаялъе жив мустахIикълъараб. Бергьенлъиялда дандчIвай гьабуна Эльба гIурул рагIалда Германиялда.

Белоруссиялъул кIиабилеб фронталъул лъабабилеб гвардиялъул чотIахъабазул корпусалъул гвардиялъул гьитIинав сержант ИсмагIил МухIамадовасул каранда кенчIана рагьулъ бихьизабураб багьадурлъиялъухъ «БагIараб цIва», «ВатIанияб рагъул» кIиабилеб даражаялъул орденал, «Сталинград цIуниялъе», «Рагъулаб хъулухъалъухъ», «Кеннигсберг эркен гьабиялъухъ», «Берлиналда тIад босараб бергьенлъиялъухъ» ва цогидалги юбилеялъулал медалал. МустахIикълъана Йосиф Сталинил рахъалдаса грамотаялъе. КIицIул лъукъана рагьда, хъулухъ гьабуна кавалеразулаб полкалда, Берлиналде щвезегIан халалъана рагъулаб нух.

Бищун щулияб гьудуллъи букIуна ургьелкъварилъи ккараб мехалъ лъугьараб, гьелъ щулалъизабураб. ГIемерал рукIана инсул рагъулал гьудул-гьалмагъзаби, рагъ лъугIун хадубги бухьен ккурал. ГIемерал гьудулзаби ракIалде щвезарулаан гьес кьалул байданалда абадиялъего кьанщарал, тIубарал полказул цо чанго солдат нахъе хутIарал рагъазул бицунаго. Ниж школалда цIалулел соназ гIемер рукIана росулъ рагъул гIахьалчагIиги, рагьдаса руссинчIезухъ чIегIер барал улбулгун лъудби, яцал.

Чанги сардилъ ворчIулаан эмен рагъул суратал макьилъ цере чIун. Фашистаз танкалги тIаде рачун, яги самолетаздасан бомбаби рехун лъукъарал солдаталгун унел машинаби гьуриялъул, росабалъ бугеб ракълилаб халкъ бокьаздеги гьун чIагого рухIа-рукъиялъул суратал, лъукъаразулгун холезул зигариялъул гьаркьал-кигIанги залимав чиясеги захIмалъулеб иш буго гьеб. Абизе бегьула, Аллагьасул къадаралде щвезегIан инсул берзулъ хутIарал сипатал рукIанин гьел ва 1945 соналъул 9 маялъул къоялъул лъугьа-бахьинал абун.

Дунго гIадинай, рагъул гIахьалчиясул яс Галина Жуляевалъ (Зудова) жиндирго эмен Николай Зудовасул хIакъалъулъ хъварал ракIалдещвеязулъ цIалун букIана Польшаялъул цо шагьарги эркен гьабун, жанире лъугьарал свакарал нилъер солдатал, цо тIокъокь кьижун ккун рукIун ругин. Солдатазда гьоркьов вукIун вуго гьелъул эменги. Радал рахьинаалде, рагъулаб техникаги цIунун рорчIуда тарал киналго солдатал чIван ратун руго. ЦIех-рехалъги хIасилго кьун гьечIо. Росдал халкъги бакIарун, бегьилищ гьединаб жо гьабизе, ниж нужее эркенлъиги босун рачIарал чагIи гурищ рукIаралин абидал, сундул эркенлъи нужеца бачIараб, чадидасагун тIатIиялдасан ниж махIрум гьариялъул эркенлъийищан гьикъун буго рокъукъго. Щакъ захIмалъанин жидее гьезул хIалихьалъиги, къадарлъигиян бицунеб букIанин инсуцаян хъван бугоан гьелъ, гьеб рихиги кьогIаб дару гIадин, къулчIун, церехун анин ва Кенигсберг шагьар-хъала бахъизе тIаделъанин абун.

Гьеб кинабго инсул рагъулаб нухда рельлъараб гIадинаб хабар бугин гIемер пикру гьабулаан дица, гьикъилаанинхъ инсуда цебеккунго гьеб лъан букIарабаниян.

Рагъул байбихьуда гIадин, захIмат гьечIониги, церехун унел рукIиналъ, Германиялде гIагарде щун рукIиналъ жидее, кигIанго свакан рукIаниги, бергьенлъиялде бугеб гIишкъуялъ свакги ракъи-къечги кIочонеб букIанин. Амма Кенигсбергхъала бахъизе бигьа букIинчIин бицунаан инсуца. Эльбаялъул лъималъ сверункъараб гьенисан жалги техникаги тушманасул хьатикь гIадин рихьулел рукIанин. Эльбаялда плотазда рекIунги, гумузда ярагъгун рагъулаб техника баччунги, гIемерисел солдатал лъелъ лъедонги, хIаракат бахъулеб букIана шагьар бахъизе церехун ине. ГIемерав солдат гьуранин гьениван бицунаан инсуца, амма Кенигсбергги бахъанин тушманасухъан абун. Эльба гIурухъ, Берлиналъул рагIалде щведал щола гьезухъе бергьенлъиялъул рохалилаб хабар. ЧанцIул ракIалде щвезабуниги, магIу баккулаан инсул бадиб. Гьеб букIана пашманлъялъулгун рохалилаб магIу.

Рагъ лъугIун хадуб тIадвуссана эмен гIагараб росулъе. Рокъор рукIана эбел-эмен, лъади ва вас ГIабдурахIман. Армиялде унелъул лъагIел-кIиго лъагIел барав вас школалде унев «гIолохъанчи»-кумекчи гIун ватула инсуе. Эмен хIалтIана школалда военруклъун, хадув тIамуна ОТФялъул нухмалъулевлъун, росдал Советалъул исполкомалъул председательлъун. РикIкIен гIемерал медалазегун грамотабазе мустахIикълъана эмен захIматалъул фронталдаги.

Эбел ПатIимат рагъул соназ хIалтIана росдал школалда мугIалимлъун, мустахIикълъана ДАССРалъул Верховный Советалъул ХIурматалъул Грамотаялъе. Рагъдаса хадусел соназ пенсиялде инегIан хIалтIана росдал медпунктална санитаркалъун. ЛъикIаб тарбия-лъай кьун гIезаруна лъабго вас ва цо яс. Гьединаб бигьаяб гуреб къисмат букIана кIицIул рагъдаги лъукъарав, госпиталаздеги ккарав, гьенисанго тIад вуссун рагъул коронивеги ине ккарав фронтовик ИсмагIил МухIамадовасул.

Нилъеда кIочене бегьуларо араб гIумру, нилъерго тарих. РакIалдещвей заманалдасанги къуватабин абула. Аби буго, рагъ кIочани, гьеб цIидасан бачIунин. Аллагьас цIунаги рагъдаса. «Щивго кIочон гьечIо, щибго кIочон гьечIо» абураб ахIи ракIазулъ бугебгIан мехалъ, рекIелъ букIина нилъеда бахIарчиял умумузул, нилъее ва хадусел наслабазе мисал босизе жиб мустахIикъаб тарих.

**Сайпудин ИсмагIилов,**
Хуштада росдал администрациялъул бетIер

# Лес лечит и радует нас

**Задача каждого взрослого - передать любовь к природе новому поколению и научить их относиться к ней бережно и с трепетом. Лес может помочь человеку проветрить лёгкие и избавиться от постоянного стресса. Вы, вероятно, замечали, как прогулка по лесу успокаивает нервы. Деревья выделяют фитонциды- вещества убивающие микробы.**

**Природа может оздоровить человеческий организм и даже помочь излечить многие болезни. Ученые считают, что для оздоровления организма, человек должен проводить в лесу 250 часов в году. Можно долго описывать полезные свойства леса, их множество. Поэтому не пренебрегайте таким даром природы, как лесные прогулки. Они помогут Вам сохранить силы и здоровье на долгие годы.**

Лесные богатства района составляют более двадцати двух тысяч гектаров, и в большинстве своем - хвойные: вечнозеленые, круглый год синтезирующие кислород-источник жизнеобеспечения на земле сосна и можжевельник.



Мы мало представляем себе важность этого фактора для себя, живущих на высоте полтора - две тысячи метров над уровнем моря, где кислород в воздухе уменьшается с увеличением высоты подъема в гору. Как утверждают некоторые ученые, удивительна способность можжевельника: за год он выделяет до одного миллиарда кубометра кислорода с гектара. Хорошо переносит засуху, произрастает даже на голых скалах и каменных россыпях, создавая радующий глаз колорит зеленого ковра.

Можжевельник, дерево или кустарник из семейства кипарисовых, существует на нашей планете около 50 миллионов лет.

Вечнозеленый, по виду он и напоминает маленький кипарис. Это растение-долгожитель. В благоприятных условиях можжевельник живет от 600 до 3000 лет.

В Риме и Древней Греции этот маленький кипарис считался верным средством от укуса змей, раздавленные ягодки можжевельника добавляли в вино и пили при болезнях печени как мочегонное средство.

В Древней Руси из коры можжевельника делали посуду: она долго не портилась, и молоко, хранившееся в ней, даже в жаркий день не прокисало. На Руси можжевельник считался защитой от злых духов, им охраняли от всяческих ненастий и скот. И, если вдуматься, то здесь дело скорее в необычайно сильных фитонцидных свойствах этого растения. Несмотря на то, что в старину ничего не знали о бактерицидных эфирных веществах, можжевельник использовали в бытовой санитарии и народной медицине. Дымом сухих плодов можжевельника окуривали избы, дезинфицировали одежду больных. В доме заболевшего протирали полы хвоей можжевельника, в баню ходили с можжевеловыми вениками, запаривали можжевельником молочные крынки и кадки под соления.

Шишкоягоды можжевельника содержат углеводы, смолы, воск, красящие и дубильные вещества, органические кислоты , эфирное масло, а также витамины, макро- и микроэлементы.

Можжевеловые ягоды содержат эфирное масло, смолы, сахара, органические кислоты. Эфирное масло и смолы придают ягодам характерный запах, усиливающийся при их растирании. Эфирное масло можжевельника обладает сильным мочегонным действием, а также отхаркивающим, желчегонным и противомикробным эффектом. Издавна настой и отвар шишкоягод можжевельника назначали при отеках, камнях в почках, воспалении мочевого пузыря и других заболеваниях мочевыводящей системы. Важно, что диуретический эффект этих лекарств сочетается с дезинфицирующими свойствами. Однако препараты можжевеловых шишкоягод раздражают почки, поэтому они противопоказаны при ряде почечных заболеваний, в частности при нефритах.

Шишкоягоды можжевельника имеют и другие терапевтические качества. Отвар из них принимают для возбуждения аппетита и улучшения пищеварения, он усиливает перистальтику кишечника и слегка улучшает желчеотделение. Настой и отвар принимают внутрь при заболеваниях дыхательных путей для разжижения мокроты и облегчения отхаркивания, добавляют в ванны при подагре и ревматизме либо используют для компрессов на больные суставы.

Можжевельник действует успокаивающе на нервную систему, снимает стресс. А почему? Потому что в нем много эфирных масел со смолистым, терпким, дымчатым ароматом. По своим бактерицидным свойствам хвоя можжевельника лидер. Спектр лечебного воздействия широк.

**Можжевельник имеет и опасные свойства.**

Не рекомендуется принимать препараты на основе можжевельника будущим мамам, запрещается их употребление и людям с хроническими болезнями почек и ЖКТ. Если употреблять можжевельник на протяжении длительного времени, это может привести к раздражению почечной паренхимы.

В медицине используют ягоды лишь одного сорта можжевельника - *обыкновенного.* Но его легко перепутать с ядовитым сортом - *казацким.* Поэтому будьте бдительны, если хотите сами заниматься сбором ягод.

Не менее полезны свойства сосны. Она имеет сильную ауру и помогает очиститься ауре человека, помогает справиться с депрессией и неврозами. Воздух соснового леса лечит болезни лёгких. но людям с больным сердцем не рекомендуется длительное время находиться в сосновом лесу.

Лечебные свойства сосны обыкновенной полезны при лечении ревматизма, подагры, цинги, при простуде. Она применяется в народной медицине гораздо чаще, чем другие лекарственные растения, благодаря распространенности и доступности сырья. У сосны, кроме корней, в ход идет все: смола, хвоя, почки, а также производные из сосны: деготь, скипидар, канифоль, древесный уксус. Сосна лечит даже дистанционно - вдыхая фитонциды в сосновом бору, можно вылечить насморк, бронхит и даже туберкулез, не зря санатории для таких больных размещают вблизи сосновых лесов.

**Лечебные свойства сосны обыкновенной.**

Почки сосны содержат смолу, эфирное масло, крахмал, горькие и дубильные вещества, минеральные соли и витамин С, что придает препаратам сильные лечебные свойства. Применяют их в виде отвара как отхаркивающее, как мочегонное и дезинфицирующее средство, для ингаляции при воспалении верхних дыхательных путей, для лечения ваннами при рахите и золотухе.

И у сосны имеются противопоказания: препараты из хвои, почек, шишек сосны противопоказаны при заболевании почек. Следует воздержаться от лечения гепатита во время обострения. Избыточный прием хвойных препаратов приводит к воспалению слизистой желудочно-кишечного тракта, паренхиме почек, головной боли и общему недомоганию. Скипидар и препараты на его основе противопоказаны при нефритах и нефрозах. Гипотоники и люди, страдающие тромбозом должны принимать хвойные препараты с осторожностью. При сердечной недостаточности следует ограничить прогулки по сосновому лесу - фитонциды сосны, особенно весной, обостряют стенокардию и могут вызвать сердечный приступ.

В современной фармакологии хвоя сосны считается ценным витаминным препаратом, из нее готовят настои и концентраты для профилактики и лечения гипо- и авитаминоза, а также используют как дезинфицирующее, отхаркивающее и мочегонное средство.

Во время войны люди лечились от цинги настоями сосновой хвои. В послевоенное время научные сотрудники этой же академии разработали производство хлорофилло-каротиновой пасты, которая широко используется как наружное средство при ожогах, различных кожных заболеваниях, назначается внутрь при язвенной болезни.

Вот каким кладезем природных богатств наделил нас Всевышний. Берегите и цените лес круглый год!

Каждый ребенок знает, что природу нужно беречь. Но чем старше становится человек, тем реже он задумывается о том, что, придя в лес, он может навредить ему. Часто люди выходят на пикники. Во время отдыха они наслаждаются красотой, тишиной и спокойствием. Лес позволяет отдохнуть от обыденной жизненной суеты и окунуться в зеленую сказку, которая полна загадочности и умиротворения. Однако, вместо того чтобы сделать для леса что-нибудь полезное, люди забывают убрать за собой мусор, а иногда даже и не задумываются, что это нужно сделать, ломают ветки живых деревьев и шумят, тем самым отпугивая постоянных жителей леса-животных и птиц, разжигают костры или сжигают мусор и оставляют без присмотра, что нередко приводит к лесным пожарам. Такое небрежное отношение к природе убивает ее. Поэтому крайне важно помнить, что при посещении леса нужно соблюдать определенные правила, которые позволят сохранить природу. Каждый человек должен убрать за собой, так как никто за него этого не сделает. Нельзя выжигать траву, ломать живые деревья и рвать цветы. Придерживаясь этих элементарных основ прилежного поведения на природе, человек сможет сберечь ее. Хочется обратиться ко всем с призывом: «Берегите лес! Ведь без природы и живого леса погибнет и сам человек. Ведь лес имеет свойство лечить и радовать нас! Будьте снисходительнее к себе и лесу...».

**Магомед Расулов,** директор райлесничества

**Динияб бокIон**

# Аллагь-ТIадегIанав, Къудратав…

2013 соналда Дагъистаналъул динияб Управлениялъул исламияб лъай тIибитIизабиялъул отделалъ къватIибе бичан буго «Диналъул аслаби ва МухIаммад Аварагасул (с.т.гI.в.) гIумру» абураб тIехь. Гьелъул цеберагIиялда хъвалеб буго: «Жиндир агьлуялда дин малъичIого теялдасан кIудияб цоги мунагьалдалъун Аллагьасда Лагъас дандчIвай гьабуларо,-ян.

ТIехьалъул «Иман» абураб бетIералда Аварагасул (с.т.гI.в.) хIадисалда бихьизабун буго: -Иман гьеб ккола дуца иман лъей Аллагьасдаги, Гьесул малаикзабаздаги, Гьесул русулаздаги, ахир къиямасеб къоялдаги, къадаралдаги-лъикIаб букIа, квешаб букIа Аллагьасдасан буго-абун.

Жибго иман абураб каламалъул магIна ккола - МухIаммад Авараг (с.т.гI.в.) жиндалъун бачIарабщинаб жо ритIухъ гьаби, ай Аллагьасул рахъалдасан гьес халкъалъухъе щвезабурабщинаб жо хIакъаб букIиналда ракI чIезаби.

Иманалъул анлъабго рукнуялъул щибалда кинавгIаги бусурман чи ракIчIун, лъан божизе ккола. Нагагь божичIони яги щакдарани гьев капурлъула. Гьес тавбу гьабизе ккола, нагагь гьеб гьабичIого гьев хванани, ахираталда гьесие жужахIалдасан хвасарлъиги букIунаро кидаго.

Иманалъул тIоцебесеб рукну ТIадегIанав Аллагьасда иман лъей бугелъул, кин гьеб лъолеб? РакIчIезабизе ккола ТIадегIанав Аллагьасда рекъаралщинал камиллъабиги, цIаралги, сипаталги Гьесие тIадал ругилан. Гьесул камиллъиялда рекъоларебщинаб жоялдасан Гьев вацIадав вугилан. Гьединго ракI чIезабизе ккола Гьесие къого рукIине тIадалги, къого рукIине рес гьечIелги, цо дурусабги сипатал рукIиналда ва Гьесул 99 берцинал цIарал рукIиналда. Аварагасул хIадис буго Аллагьасул гьел цIарал рекIехъе лъазабурав чи Алжаналде лъугьинилан.

Аллагьасул гIицIго 99 гурелги цIарал руго, гьезул хIакъикъатги къадарги живго Аллагьасда гурони лъадаро. 99 цIаралда тIаде Аллагь абураб цIарги жубан 100 гIола. Гьел киналго цIарал битIун цIализеги рекIехъги лъазаризе ккола.

ЦIакъго чара гьечIеблъун ккола Аллагь вукIин сундалъун лъалеб лъазабиги. Гьев вукIин нилъеда лъала, Гьес нилъедаго сверухъ бижун бугеб гIаламалъухъ балагьун. Киназдаго бихьулеб жо буго, гIисинал зарабаздасан байбихьун, зоб, ракь, бакъ, моцI, цIваби, мажаратал (галактикаби), магIданал, хурдул, гъутIби, хIайванал, гIадамал, гьава, гIазу, гьурал, цIадал, мугIрул, ралъадал, гIорал рижун рукIин. Гьеб кинабго жоялъухъ бихьулеб буго, гIажаибго бижун букIинги, низамалда гIуцIун букIинги. Гьелъ нугIлъиги гьабула гьеб бижарав, гьеб гIуцIарав ва гьеб низамалда хьвадизабулев цохIо Аллагь вукIиналъе. Гьев чIагояв, кинабго бокьулев, сундаго хIалкIолев, кинабго лъалев Халикъ вукIиналъеги.

ТIадегIанав Аллагьасул хIакъикъияб кIодолъиялдеги, тIадегIанлъиялдеги, камиллъиялдеги живго Аллагь гурони хадув гъоларо.

Аллагь цо вукIиналъе магIналъун ккола гьев жиндирго заталъулъги, сипатазулъги гьарулел ишазулъги цо вукIин. Гьесул зат щибниги жоялъулъ гьечIо, жив тун батIияб жо Гьесул заталъулъги гьечIо. Гьесул цониги сипат цогидаб жоялъулъги гьечIо, цогидаб жоялъул сипат Гьесда жанибги гьечIо. Аллагьасул сипатал живго гIадин азалиял ва тIаса унарел руго.

ТIадегIанав Аллагь сундего хIажатав, сундего релъарав гьечIелъул гьесда бихьула берал гьечIого, рагIула гIундул гьечIого, кIалъала кIал-мацI, гьаракь, хIарп гьечIого, лъала гIадалнах гьечIого, кинабго гьабула кверал гьечIого, алат хIалтIизабичIого.

Гьесие цо жо бокьарабго бокьухъе лъугьуна.

ТIадегIанасе бокьаралъул гIаксалда щибниги жо лъугьунаро, лъицаго щибго жо гьабизе Гьев тIамуларо.Гьес тIасан бищун букIуна кинабго жо. ТIадегIанав Аллагьасул хIакъикъияб кIодолъиги, тIадегIанлъиги, камиллъиги жив тун батIияв чиясда лъидаго лъаларин абухъего, хIатта аварагзабазда, малаикзабаздацин лъаларо Гьесул хIакъикъияб кIодолъи.

ТIадегIанав Аллагьас хириял аварагзабазе, малаикзабазе, вализабазе цогидазе рагьуларел жиндирго гIемерал хIикматал балъголъаби рагьула. Гьелда рекъон букIуна гьезда ТIадегIанав Аллагь лъайги, Гьев вокьиги, Гьесие гIибадат гьабиги. Амма Гьес бижараб гIалаламалъул кIодолъи, хIикмат берцинлъиялъухъ балагьиялдалъун нилъедаги лъала, Гьесул тIадегIанлъиги, кIодолъиги, хIалкIолъиги, хIикматги, лъайги гIорхъиго гьечIеб букIин.

Салат салам лъеяв Аварагас абулеб буго: «Нужеца Аллагьасулгун цадахъ пикру гьабе, Гьес бижараб жоялъул»-абун.

ТIадегIанав Аллагьас Къуръаналдаги рещтIун буго «Дуца абе гьезда нуж балагье зобалаздаги ракьалдаги бугеб жоялъухъ» абураб магIнаялъул аят.

**«Диналъул аслаби» тIехьалдасан хъвана**
**Агъвалиса МухIамад Загьидовас**

## Исполнение бюджета администрации сельского поселения «село Гакко» за 2019 г.

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | 2019 год (сумма) | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | Назна-чено | Уточн. назнач. | Испол-нение | **% ис-полн.** |
| | **2** | **3** | **4** | **5** | **6** |
| | **Собсвенные доходы:** | | | | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 8,5 | 8,5 | 7,7 | 90,6 |
| 2 | Земельный налог | 92,7 | 92,7 | 94,7 | 102,2 |
| 3 | Налог на имущества | 21,3 | 21,3 | 21,5 | 100,9 |
| | Прочие налоги(неналоговые) | 1,0 | 1,0 | 0,0 | 0,0 |
| 4 | Сельхоз налог | 4,2 | 4,2 | 4,4 | 104,8 |
| | Итого собственные доходы | 127,7 | 127,7 | 128,3 | 100,5 |
| | Трансферты | | | | |
| 1 | Объем дотаций | 787,0 | 949,4 | 949,4 | 100,0 |
| 2 | Субвен.регист.актов ЗАГСа | 1,2 | 1,2 | 1,2 | 100,0 |
| 3 | Субвен. ВУС | 82,0 | 82,0 | 82,0 | 100,0 |
| 4 | Стихия | | | | |
| | Итого | 870,2 | 1032,6 | 1032,6 | 100,0 |
| | Всего доходов | 997,9 | 1160,3 | 1160,9 | 100,1 |
| | | | | | |
| | Расходы: | | | | |
| 1 | Аппарат | **872,6** | **912,3** | **912,3** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 500,5 | 503,7 | 503,7 | 100,0 |
| 2 | Проведение выборов | | | | |
| 3 | Резервный фонд | | | | |
| 4 | ЗАГС | **1,2** | **1,2** | **1,2** | 100,0 |
| 5 | ВУС | 82,0 | 82,0 | **82,0** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 63,0 | 63,0 | 63,0 | 100,0 |
| 6 | ЖКХ | **32,1** | **126,0** | **126,0** | 100,0 |
| 7 | Молодёжная политика | | | | 0,0 |
| 8 | Культура | | | | 0,0 |
| | в т.ч. зарплата | | | | 0,0 |
| 9 | ФК и спорт | **10,0** | **10,0** | **10,0** | 0,0 |
| | Стихия | | | | |
| | Всего расходов | 997,9 | 1131,5 | 1131,5 | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 563,5 | 566,7 | 566,7 | 100,0 |

**Глава сельского поселения «село Гакко» И. Магомедов**

## Исполнение бюджета администрации сельского поселения «сельсовет Хваршинский» за 2019 г.

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | 2019 год (сумма) | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | Назна-чено | Уточн. назнач. | Испол-нение | **% ис-полн.** |
| | **2** | **3** | **4** | **5** | **6** |
| | **Собсвенные доходы:** | | | | |
| **1** | Налог на дох. физ. лиц | 16,9 | 16,9 | 22,5 | 133,1 |
| **2** | Земельный налог | 60,3 | 60,3 | 67,7 | 112,3 |
| **3** | Налог на имущества | 10,2 | 10,2 | 16,4 | 160,8 |
| | Прочие налоги(неналоговые) | 1,5 | 1,5 | 1,5 | 100,0 |
| **4** | Сельхоз налог | 1,2 | 1,2 | 0,4 | 33,3 |
| | | 90,1 | 90,1 | 108,5 | 120,4 |
| | **Трансферты** | | | | |
| **1** | Объем дотаций | 1152,0 | 1614,4 | 1614,4 | 100,0 |
| **2** | Субвен.регист.актов ЗАГСа | 4,4 | 4,4 | 4,4 | 100,0 |
| **3** | Субвен. ВУС | 84,0 | 84,0 | 84,0 | 100,0 |
| **4** | недоданная сумма | | | | |
| | **Итого** | 1240,4 | 1702,8 | 1702,8 | 100,0 |
| | **Всего доходов** | 1330,5 | 1792,9 | 1811,3 | 101,0 |
| | | | | | |
| | **Расходы:** | | | | |
| **1** | Аппарат | **1050,5** | **1207,9** | **1207,9** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 636,6 | 635,9 | 635,9 | 100,0 |
| **2** | Проведение выборов | | | | |
| **3** | Резервный фонд | | | | |
| **4** | ЗАГС | **4,4** | **4,4** | **4,4** | 100,0 |
| **5** | ВУС | 84,0 | 84,0 | **84,0** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 64,5 | 63,1 | 63,1 | 100,0 |
| **6** | ЖКХ | **15,0** | **468,1** | **468,1** | 100,0 |
| **7** | Молодёжная политика | 0,0 | **0,0** | **0,0** | 0,0 |
| **8** | Культура | **172,5** | **196,0** | **196,0** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 132,5 | 136,8 | 136,8 | 100,0 |
| **9** | ФК и спорт | **10,0** | **0,0** | **0,0** | 0,0 |
| | Стихия | | | | |
| | **Всего расходов** | 1336,4 | 1960,4 | 1960,4 | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 833,6 | 835,8 | 835,8 | 100,0 |

**Глава сельского поселения «сельсовет Хваршинский» А. Абдулхабиров**

## К сведению налогоплательщиков

Уважаемые налогоплательщики!

В связи с неблагоприятной эпидемиологической обстановкой и риском распространения новой коронавирусной инфекции COVID-19 межрайонная инспекция ФНС России №12 по РД рекомендует налогоплательщикам по возможности отложить в ближайшее время посещение налоговых инспекций.

Все налоговые вопросы можно решить через онлайн-сервисы в «Личном кабинете налогоплательщика» или на официальном сайте ФНС России.

К примеру, удаленно можно узнать налоговую задолженность, оплатить налоги, подать декларацию 3-НДФЛ и т.п.

«Представление деклараций 3-НДФЛ через личный кабинет ускоряет их обработку, а значит, сокращает срок для получения налогового вычета (возврата) по НДФЛ».

Кроме того, в интернет-сервисах можно узнать свой ИНН, получить квитанцию на оплату налогов и оплатить их онлайн, а также направить в налоговую любое сообщение.

**Новость**

# Пособие по безработице

**Новые безработные автоматически получат максимальное пособие по безработице и допвыплату на детей на 3 месяца**

Пособие по безработице равное минимальному размеру оплаты труда (12130 рублей) в апреле-июне будут получать граждане, лишившиеся работы после 1 марта 2020 года и зарегистрированные в качестве безработных. Соответствующее постановление Правительства РФ опубликовано 17 апреля.

Если в семье с несовершеннолетними детьми один или оба родителя, лишившиеся работы после 1 марта, признаны безработными, то на каждого ребенка будет назначена доплата по 3 тыс. рублей одному из родителей.

Увеличенное пособие и доплату граждане будут получать с даты регистрации в качестве безработного в апреле, мае и июне.

Назначение пособия проходит по утвержденному 9 апреля порядку оформления статуса безработного. Гражданам достаточно подать заявление на портале «Работа в России» и заполнить резюме. Остальные сведения службы занятости проверят путем межведомственного взаимодействия.

**Обращаем внимание работодателей:** организации обязаны в электронном виде направлять в Пенсионный фонд сведения о приеме на работу и увольнении сотрудника на следующий день после издания соответствующего приказа. Своевременность предоставления информации обеспечивает актуальность данных, используемых органами занятости для назначения пособий.

Напомним, после подачи заявления в течение 10 дней службы занятости при наличии будут предлагать гражданину трудоустройство на те вакансии, которые соответствуют уровню его образования и квалификации. Если предложенные вакансии не подойдут, на 11-й день после обращения ему автоматически будет назначено пособие по безработице.

**Патимат Бадрудинова**

# Пособия семьям, имеющим маткапитал

Деньги будут давать семьям, где есть ребёнок до 3 лет включительно (то есть любой возраст, пока не исполнилось 4 года).

Если таких детей в семье несколько - дадут на каждого.

Платить будут по 5000 на ребёнка в течение 3 месяцев начиная с апреля 2020 года (апрель, май, июнь).

Деньги будут из бюджета, не из материнского капитала!

То есть, получат их даже те, кто потратил маткапитал!

Документы для выплаты собирать не нужно!

Чтобы получить деньги, надо начиная с 1 апреля заполнить заявление на сайте Пенсионного фонда России - pfrf.ru (раздел материнский капитал).

Есть важный критерий: для получения пособия семья должна иметь (или имела) право на материнский капитал.

**Асият Кадилова**

## Исполнение бюджета администрации сельского поселения «село Хушет» за 2019 г.

**(тыс. руб.)**

| № п/п | Наименование показателей | 2019 год (сумма) | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | Назна-чено | Уточн. на-знач. | Испол-нение | % ис-полн. |
| | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| | Собсвенные доходы: | | | | |
| 1 | НДФЛ | 18,8 | 18,8 | 20,9 | 111,2 |
| 2 | Земельный налог | 43,6 | 43,6 | 43,6 | 100,0 |
| 3 | Налог на имущества | 43,5 | 43,5 | 45,4 | 104,4 |
| 4 | Сельхоз налог | 0,6 | 0,6 | | 0,0 |
| 5 | Прочие налоговые доходы | 2,0 | 2,0 | | 0,0 |
| 6 | Не выясненные поступления | | | 1,5 | |
| | Итого собственные доходы | 108,5 | 108,5 | 111,4 | 102,7 |
| | Трансферты | | | | |
| 1 | Объем дотаций | 1580,0 | 1742,4 | 1742,4 | 100,0 |
| 2 | Дотация на част. компен-ю | 8,9 | 19,5 | 19,5 | 100,0 |
| 3 | Субвен.регист.актов ЗАГСа | 3,6 | 3,6 | 3,6 | 100,0 |
| 4 | Субвен. ВУС | 89,0 | 89,0 | 89,0 | 100,0 |
| | Итого | 1681,5 | 1854,5 | 1854,5 | 100,0 |
| | Всего доходов | 1790,0 | 1963,0 | 1965,9 | 100,1 |
| | | | | | |
| | Расходы: | | | | |
| 1 | Аппарат | **1174,6** | **1214,6** | **1211,2** | 99,7 |
| | в т.ч. зарплата | 717,7 | 707,6 | 707,0 | 99,9 |
| 2 | Проведение выборов | | | | |
| 3 | Резервный фонд | | | | |
| 4 | ЗАГС | **3,6** | **3,6** | **3,6** | 100,0 |
| 5 | ВУС | **89,0** | **89,0** | **89,0** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 68,4 | 68,4 | 68,4 | 100,0 |
| 6 | ЖКХ | 122,5 | 259,9 | 259,9 | 100,0 |
| 7 | Молодёжная политика | **5,0** | **5,0** | **5,0** | 0,0 |
| 8 | Культура | **365,3** | **372,8** | **371,7** | 99,7 |
| | в т.ч. зарплата | 199,0 | 205,5 | 205,2 | 99,9 |
| 9 | ФК и спорт | **30,0** | **30,0** | **30,0** | 100,0 |
| | | | | | |
| | Всего расходов | 1790,0 | 1974,9 | 1970,4 | 99,8 |
| | в т.ч. зарплата | 985,1 | 981,5 | 980,6 | 99,9 |

**Глава сельского поселения «село Хушет» М. Окиев**

«ЦIумадисезул гьаракь» газеталъул хIалтIухъабаз зигара балеб буго Зульфия ва Арсен Сажидовазда гьезул яцгIал

**Сайгьанат**

къадаралде щвеялда бан. Аллагьас рухI иманалда бахъун батаги.

«ЦIумадисезул гьаракь» газеталъул хIалтIухъабаз зигара балеб буго Инхокъвари росдал администрациялъул бетIер ГIабдулнасир Хизриевасда эмен

**Магьди**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Аллагьас иманалда т1овит1ун ватаги.

Пачалихъиял учреждениябазул хIалтIухъабазул профсоюзалъул райкомалъ зигара балеб буго Инхокъвари росдал администрациялъул бетIер ГIабдулнасир Хизриевасда эмен

**Магьди**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Аллагьас ахират лъикIаб кьун батаги.

Пачалихъиял учреждениябазул хIалтIухъабазул профсоюзалъул райкомалъ зигара балеб буго райадминистрациялъул бухгалтер Арсен Сажидовасда гьесул яцгIал

**Сайгьанат**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. БетIергьанас алжаналъул агьлулъун гьаюн ятаги.

Районалда бугеб жанисел ишазул отделалъул хIалтIухъабаз зигара балеб буго МухIамадрасул Сайпулаевасда эмен

**МухIамад**

къадаралде щвеялда бан. Аллагьас иманалда тIовитIун ватаги.

БетIерав редактор
Малачдибиров
ГIубайдула СагIадулаевич
2-52-44

Жавабияй секретарь
Залимханова
Хадижат МухIамадовна
2-52-92

Редакциялъул
(издателасул) адрес: 368900
Дагъистан Республика,
ЦIумада район, Кьенгьара росу
Заводалъул къватI, 4

«ЦIумадисезул гьаракь»
газета гIуцIарал:
«ЦIумада район» муниципалияб
районалъул администрация

Газета къватIибе биччана
«Издательский дом «Дагестан»
ГАУялъул типографиялда.
Адрес: 367018,
МахIачхъала шагьар,
Насрудиновасул проспект, I«А»

Тираж - 1676
Газеталъул индекс:
51377 (бащдаб лъагIалие)
63302 (лъагIалие)

Макъалабазда рехсарал
хIужабазул, тарихазул бальголъи
гъорлъ бугел ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола.

Газета зарегистрирована
Управлением Роскомнадзора
по Республике Дагестан.
ПИ №ТУ05-00434
от 15 июля 2019 г.

Адрес электронной почты
GoIostsumady@maiI.ru